

# Èske ou pa janm trape COVID? Nou bezwen èd ou.

Patisipe nan yon etid pou ede nou jwenn fason pou anpeche epi trete efè COVID ki dire lontan sou sante, ke yo rele Long COVID.

Chèchè yo pral konpare moun ki te gen COVID ak moun ki pa t janm gen COVID – sa ede nou aprann bagay ki ka anrapò avèk Long COVID, pa egzanp sèten sentòm oswa sèten pwoblèm sante.

## Ki moun ki kapab patisipe?

Ou kapab patisipe si ou **te janm gen COVID**.  
Nou bezwen granmoun ki soti nan tout ras, gwoup etnik, ak orijin pou yo patisipe.

## Poukisa pou w antre ladan?

- Jwe yon wòl enpòtan nan rechèch pou twouve fason pou ede moun pi devan
- Resevwa peman pou tan w

## Kisa m ap fè si m patisipe?

Nou gendwa mande pou w:

- Reponn kesyon sondaj yo
- Fè tchekòp
- Patisipe pandan jiska 4 ane

Etid sa a p ap bay pèsonn yon tretman ni medikaman pou COVID.

Si w antre nan etid sa a, ou ka toujou pran tretman ak medikaman doktè w ba w.

 **Nou bay vi prive w enpòtan.**

Nou pral swiv tout lwa yo pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou.



Pou aprann plis oswa pou w patisipe,  
ale sou [RECOVERcovid.org](https://RECOVERcovid.org)



**RECOVER**

Researching COVID to Enhance Recovery

An Initiative Funded by the National Institutes of Health